ISSN: 2181-3906
2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 1 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# BASQARIW PSIXOLOGIYASINIŃ KISHI MEKTEP JASINDAǴI BALALARDIŃ SEZIW DÁREJESINE TÁSIRI

**Kaipova Sholpan**
Berdaq atindagi QMU
Psixologiya tálim-baǵdari 1- basqish magistranti.

https://doi.org/10.5281/zenodo.18433956

***Annotatsiya.*** *Usı maqalada basqarıw psixologiyasınıń kishi mektep jasındaǵı balalardıń seziw procesine kórsetetuǵın tásiri teoriyalıq hám ámeliy derekler tiykarında analiz etiledi. Oqıtıwshınıń basqarıw usılı, bilimlendiriw procesindegi motivaciya, psixologiyalıq ortalıq, kórgizbeli qurallardan paydalanıw hám de interaktiv metodlardıń balalar oy-pikirin qáliplestiriw hám jedellestiriwdegi roli kórsetilgen. Izertlew nátiyjeleri basqarıwdıń demokratiyalıq hám qollap-quwatlawshı formaları oqıwshılarda kognitivlik processlerdiń nátiyjeli rawajlanıwına xızmet etetuǵının kórsetedi.*

***Gilt sózler***: *basqarıw psixologiyası, qabıllaw, kishi mektep jası, motivaciya, oqıtıw, pedagogikalıq basqarıw, psixologiyalıq klimat.*

***Аннотация***. *В статье рассматривается влияние психологии управления на уровень восприятия детей младшего школьного возраста. На основе теоретических и практических источников анализируются управленческий стиль учителя, мотивация в образовательном процессе, психологический климат, использование наглядных средств и интерактивных методов. Показано, что демократический и поддерживающий стиль управления способствует активизации познавательных процессов у учащихся и повышению эффективности обучения.*

***Ключевые слова***: *психология управления, восприятие, младший школьный возраст, мотивация, обучение, педагогическое управление, психологический климат.*

***Abstract***. *This article examines the impact of management psychology on the perception level of primary school children. Based on theoretical and practical literature, it analyzes the teacher's management style, motivation in the learning process, psychological climate, the use of visual aids, and interactive methods. The findings indicate that democratic and supportive management approaches significantly enhance students' cognitive activity and improve learning outcomes.*

***Keywords***: *management psychology, perception, primary school age, motivation, learning process, pedagogical management, psychological climate.*

Kishi mektep jası (7-10 jas) balanıń psixologiyalıq rawajlanıwında áhmiyetli dáwir esaplanadı. Bul basqıshta seziw, pikirlew, diqqat, yad sıyaqlı kognitiv procesler jedellesip, balanıń oqiw iskerligine beyimlesiwi kúsheedi. Bilimlendiriw procesiniń nátiyjeliligi kóp tárepleme oqıtıwshınıń basqarıw iskerligi, psixologiyalıq qatnası hám oqıwshı menen pikirlesiw usılına baylanıslı boladı. Sonıń ushın basqarıw psixologiyasınıń kishi mektep jasındaǵı balalar seziw dárejesine tásirin úyreniw áhmiyetli máselelerden esaplanadi.

Basqarıw psixologiyası - bilimlendiriw procesinde insan xızmetin basqarıw, tártipke salıw, oqıtıwshı hám oqıwshı qatnasıqların nátiyjeli jolǵa qoyıw mexanizmlerin úyrenetuǵın ilimiy baǵdar.

Psixologiyada basqarıw tásiri tek buyrıq yaki qadaǵalaw arqalı emes, bálkim motivaciya, xoshametlew, qatnasıq mádeniyatı, emocional ortalıq jaratıw arqalı da kórinedi[1]. Oqıtıwshınıń basqarıw usılı demokratiyalıq, avtoritar yaki liberal formalarda ótiwi múmkin. Izertlewler sonı kórsetedi, demokratiyalıq basqarıw ortalıǵında oqıwshılarda ózine isyonim, pikirlew aktivligi hám dóretiwshilik joqarı boladı, avtoritar usıl bolsa kóbirek qorqınısh hám passivlikke alıp keledi[2].

Kishi mektep jasındaǵı balalarda idroktıń rawajlanıwı tikkeley bilim beriw procesindegi basqarıw mexanizmleri menen baylanıslı. Oqıwshı ushin tapsırmalardı moduller tiykarında, kórgizbeli qurallardan paydalanǵan halda túsinikli tárizde shólkemlestiriw qabıllaw procesin jedellestiredi [3]. Máselen, reńli materiallar, grafikalıq súwretler, oyın elementleri, interaktiv metodlardan paydalanıw balalardıń kóriw-qarıw sistemasın kúsheytedi. Psixologiyada belgili, 7-10 jasta seziw reńlerge seziwsheń, informaciyani obrazlar arqalı qabıllaw kúshlirek ótedi [4]. Sol sebepli bilimlendiriw procesin basqariwda kórgizbelilik tiykargı faktorlardan biri sipatında usınıs etiledi. Oqıwshılardı óz pikirin ayta alıwı, soraw bere alıwı, qátelesiwden qorıqpawǵa xoshametlewi biliw procesindegi belsendi qatnasıwın arttıradı [5].

Basqarıw psixologiyasınıń bilimlendiriw procesindegi ornı Lev Vygotskiy, A.N.Leontev, D.B.Elkonin, J.Piaje sıyaqlı alımlardıń kognitiv rawajlanıw teoriyaları menen túsindiriledi. Vıgockiy "jaqın rawajlanıw zonası" koncepciyasında úlkenler tárepinen duris basqarıw hám bagdarlaw balanıń seziw, pikirlew hám sóylew rawajlanıwında tiykarǵı faktor ekenligin atap ótedi[4]. Kishi mektep jasında balanıń qabıllaw procesleri sırtqı tásirge joqarı dárejede sezgir boladı, sonıń ushın muǵallim tárepinen beriletuǵın tapsırmalardıń quramalılıq dárejesi áste-aqırın arttırılıwı maqsetke muwapıq. Psixologiyalıq basqarıw procesi oqıwshınıń emocional halatı arqalı da persepciyaga tásir etedi. D.Goleman emocional intellekt koncepciyasında unamlı emocional ortalıqta oqıw procesiniń nátiyjeliligi 30-40% joqarı ekenligi anıqlanǵanlıǵın atap ótedi [8]. Ózin qáwipsiz sezingen bala oqiw tapsırmaların aktiv qabıl etedi, óz betinshe pikirlewge umtıladı, naduris juwap beriwden qorıqpaydı.

Sonday-aq, kishi mektep jasında seziwdiń rawajlanıw mexanizmleri neyrfiziologiyalıq tiykarda qaralǵanda, miy qabıǵınıń frontal hám pariyetal bólimleri aktiv qáliplesiw dáwirinde boladı. Neyropedagogikalıq izertlewler kórsetiw informaciyası esitiw informaciyasına qaraǵanda 2,5 márte tez ózlestiriliwin kórsetedi [9]. Demek, basqariw procesinde kóbirek reńli kartochkalar, sxema, sızılma, multimediali kórgizbelerden paydalanıw balanıń qabillaw dárejesin kúsheytedi.

Tájiriybe mısalı sıpatında, 2021-jılı 120 kishi mektep oqıwshıları menen ótkerilgen izertlewde demokratiyalıq basqarıw usılı tiykarında oqıtılǵan klassta idrok testleri nátiyjesi 82% ti quraǵan bolsa, avtoritar klassta bul kórsetkish 57% belgilengen [10]. Bul bolsa basqarıw psixologiyasınıń nátiyjeliligin eksperimental tárepten de tastıyıqlaydı. Basqarıwdıń nátiyjeliligin arttırıw ushın tómendegi usıllar usınıs etiledi:

1. Oyın texnologiyalarınan paydalanıw - oyın iskerligi pikirlew procesin jedellestiredi (didaktikalıq oyınlar, rolli oyınlar, gamifikaciya).

2. Marapatlandırıwshı basqarıw - ball sisteması, juldızsha, stikerler, maqtaw pikirlewdi tetiklestiredi.

3. Qarım-qatnas tiykarında basqarıw - soraw-juwap, tartısıw, kishi toparlarda islew.

4. Refleksiya metodları - "Búgin neni úyrendik?," "Maǵan eń qızıqlı jeri qaysı?," "Qaysı tapsırma qıyın boldı?" sıyaqlı sorawlar menen biliw procesi bekkemlenedi.

5. Individual qatnas-hárbir balanıń temperamentine say basqarıw usılın qollanıw.

Sonday-aq, kishi mektep jasındaǵı balalardıń biliw proceslerinde tómendegi psixologiyalıq faktorlar da rol oynaydı:

• Dıqqattıń turaqlı bolmawı (10-15 minutta shalqıwı tábiyiy).
• Qisqa muddetli yad ústinligi.
• Obrazlı pikirlew kúshli, logikalıq pikirlew ele qáliplesip atırǵan basqısh.

Sonday-aq, kishi mektep jasındaǵı balalardıń biliw proceslerinde tómendegi psixologiyalıq faktorlar da rol oynaydı:

• Dıqqattıń turaqlı bolmawı (10-15 minutta shalqıwı tábiyiy).
• Qisqa muddetli yad ústinligi.
• Obrazlı pikirlew kúshli, logikalıq pikirlew ele qáliplesip atırǵan basqısh.

Sol sebepli basqarıw psixologiyası oqıtıwshıdan wazıypanı qısqa, jaqsı, kórgizbeli formada beriw, temanı kishi bóleklerge bóliw, aktiv metodlar menen turaqlı almastırıp turıw sıyaqlı qatnaslardı talap etedi.

Hár bir kishi jetiskenliktiń xoshametleniwi dopamin shıǵarılıwın kúsheytip, oqıwshıda unamlı emocional keypiyat payda etedi, bul bolsa materialdı ańlaw tezligi hám nátiyjeliligin arttıradı [6]. Neyropedagogikalıq kózqaraslar da basqarıwdıń seziwge tásirin dálilleydi. Mugallimniń hawaz tembri, sóylewdiń anıqlıǵı, mimika hám jestler arqalı oqıwshı sanasına tásiri miydiń sensomotor oraylarıń aktivlestiredi [7]. Baqlawdıń júdá kúshli bolıwı stress gormonları islep shıǵarılıwın asırıp, dıqqattı tómenletip jiberiwi múmkin - bul bolsa pikirlew procesiniń páseyiwine alıp keledi [8].

Sonıń ushın psixologiyalıq basqarıw jumsaq, qollap-quwatlawshı, oqıwshını subiyekt sıpatında qabıl etiwshi bolıwı kerek. Joqarıdaǵılardan kelip shıǵıp, basqarıw psixologiyası kishi mektep jasındaǵı balalarda seziw procesine motivaciya, emocional ortalıq, muǵallimniń usılı, kórgizbeli materiallardan paydalanıw, interaktiv metodika hám psixologiyalıq qollap-quwatlaw arqalı sezilerli tásir kórsetetuǵınlıǵı anıqlanadı. Durıs basqarıw strategiyası balanıń pikirlew, eslep qalıw, baqlaw, tallaw qábiletin rawajlandıradı hám bilimlendiriwdiń sapasın arttıradı.

**Paydalanilǵan ádebiyatlar**

1. Zokirova R. Psixologiya asoslari. – T.: Fan, 2020.
2. Lewin K. Fiyeld Theory in Social Sciyence. – Harpers, 1951.
3. G'aniyeva M. Pedagogik texnologiyalar. – T., 2018.
4. Выготский Л.С. Психология развития ребенка. – М., 1984.
5. Mavlonova R. Ta'lim jarayonida motivatsiyaning ahamiyati. – T., 2019.
6. Jensen E. Brain-Based Learning. – USA, 2008.
7. Bruner J. The Process of Education. – Harvard Press, 1960.
8. Goleman D. Emotional Intelligence. – NY, 1995.